

Avi Garanti Pwosed pou Paran yo

AVI POU PARAN KONSENAN DISPOZITIF PWOTEKSYON PWOSEDI

Chè Paran:

W resevwa Avi sou Pwosed souvad la paske pitit fi w oswa gason w ki se yon elèv te rekòmande ba nou pou yon evalyasyon, oswa l ap resevwa kounye a yon sèvis edikasyon espesyal. Si elèv w la kalifye pou edikasyon espesyal la, distri eskolè a fèt pou founi yon edikasyon piblik apwopriye. Yo refere ak li avèk akwonim FAPE. Pou founi yon FAPE distri eskolè a dwe travay an asosyasyon ak w. W ap tounen yon manm ekip IEP k ap konsidere bezwen endividyèl elèv an epi ki pral devlope yon pwogram edikasyon endividyalize oswa [IEP](#), pou elèv¹ w la. IEP dwe founi enstwiksyon ki prezante yon fason espesyal pou bezwen endividyèl elèv w la epi ki genyen ladan l ase sèvis sipò pou pèmèt elèv w la fè pwogrè enpòtan nan edikasyon li ak pou ede elèv w la vin genyen konesans ak teknik, epi ladan yo konesans nesèsè pou devlopman sosyal ak emosyonèl ki annakò avèk rezilta kwonolojik ak devlopmantral y ap espere a. Kèlkeswa sèvis edikasyon espesyal yo ta chwazi pou elèv w la, se leta k ap peye l, epi li pa p koute w anyen. Tout elèv ki manm kominote sistèm edikasyon leta, elèv ak enfimite ladan l tou, fèt pou genyen opòtinite pou aprann matyè ki reponn ak estanda akademik nan estrikti pwogram etid Massachusetts. Massachusetts akòde FAPE yon dwa endividyèl pou rezidan elèv li yo, ki genyen enfimite ak ki enskri nan lekòl prive, kote y ap peye ak lajan pa yo, epi k ap chèche sèvis edikasyon piblik espesyal.

Toulède lwa leta ak lwa federal [State and federal laws](#) kontni règ pou lekòl distri yo swiv lè y ap decide si yon elèv kalifye pou edikasyon espesyal epi, si se sa kilès sèvis elèv an pral resevwa. Lwa sa yo founi pwosed detaye pou asire elèv an resevwa yon FAPE pandan toutan li kalifye pou edikasyon espesyal la. Edikasyon espesyal se yon domèn trè konplèks epi règman nan lwa sou edikasyon. Lespri lwa a se pou pwoteje elèv w la, epi pou ede asire li resevwa sèvis edikasyonèl ki apwopriye. W kapab resevwa èd adisyonèl pou konprann pwosesis edikasyon espesyal la ba w kote biwo konsèy lekòl w a, Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (DESE) Massachusetts, òganizasyon pou paran ki genyen elèv enfim, ak òganizasyon w kolekte nan sous sa yo pral ede w travay an asosyasyon ak distri eskolè a pou asire elèv w la resevwa sèvis edikasyonèl konvab. DESE pibliye enfòmasyon detaye pou paran yo ak distri lekòl la sou sit wèb li yo nan Entènèt. W ap jwenn [Tablo Sit wèb DESE](#) nan fen Avi sa a.

Avi sa ba w bon enfòmasyon sou dwa w genyen pou w angaje tou nan planifikasyon edikasyon espesyal elèv w la. Sovgad pwosed yo se kèk règ espesifik ki pèmèt w konnen kisa distri eskolè a ap pwopoze fè (« resevwa avi »), mete w dakò ak plan distri lekòl la (« bay konsantman paran yo ») epi li genyen yon kantite opòtinite pou rezoud dezakò ak distri eskolè a (« selon pwosesis konvab »). Sovgad pwosed yon an lalwa akòde pwoteksyon adisyonèl jan nou souliyen li nan dokiman sa a.

Nou espere Avi sa a pral ede w lè w ap patisipe aktivman nan eksperyans elèv ou nan edikasyon.

Dokiman sa a, Avi Pou Paran Konsènan Pwosed souvad, reponn kesyon ki annapre yo :

¹ Al gade Gid Pwosesis IEP pou jwenn enfòmasyon sou fason yo devlope ak egzekite IEP yon elèv.

1. Kisa sa ye ak kilè w resevwa « avètisman anvan ekri »?	2
2. Kisa sa ye epi kilè lekòl la fèt pou mande w konsantman ou « konsantman paran»?	3
3. Èske distri lekòl la gen obligasyon pou fè evalyasyon an sou demann yon paran?	5
4. Kisa yo rele yon evalyasyon edikasyonèl endepandan ?	5
5. Kilè ou kapab konsilte dosye elèv ou la ?	6
6. Kijan Paran ak responsab lekòl la kapab rezoud konfli?	7
7. Ki responsablite w la si ou plase elèv ou la nan yon lekòl prive ?	11
8. Kisa pou yo fè lè y ap planifye tranzisyon elèv ou lan lè l ap kite lekòl ?	12
9. Kijan yon lekòl kapab disipline yon elèv ki enfim ?	12
10. Ki kote yo kapab jwenn lwa ak règleman ak lòt enfòmasyon itil ?	14

W ap resevwa Avis a omwen yon fwa pa ane si elèv w la kalifye pou edikasyon espesyal. W kapab mande distri eskolè a yon kopi nenpòt kilè oswa mande DESE pou yon kopi. Dokiman sa a disponib sou sit entènèt DESE sa a : <http://www.doe.mass.edu/sped/prb>.

1. SA YO RELE AVÈTISMAN ANTERYÈ ALEKRI EPI KILÈ OU RESEVWA LI ?

34 CFR §300.503

Distri eskolè a gen obligasyon pou lib a w yon avètisman ekri le li pwopoze, oswa refize pran mezi pou idantifye elèv ou a, evalye elèv w la, akòde elèv w la sèvis espesyal, oswa chanje pwogram elèv w la.

Règleman Federal rele li yon « avètisman anvan alekri ». Avètisman ekri sa a dwe pou :

- dekri **kisa** distri eskolè a pwopoze oswa refize fè ;
- eksplike **pou ki sa** distri eskolè a pwopoze oswa refize pran mezi a;
- dekri **kouman** distri eskolè a deside pwopoze oswa refize pran mezi a, fòk li enfòme w osijè chak pwosedi evalyasyon, estimasyon, dosye oswa rapò distri eskolè a ki te sèvi pou pran desizyon a; epi
- dekri nenpòt ki lòt chwa Ekip pwogram edikasyon endividalize elèv ou la (IEP) te konsidere rezon ki te fè yo te rejte chwa sa yo.

Distri eskolè a ap founi w enfòmasyon sa a sou fòm DESE a prepare oswa sou pwòp fòm pa yo ki genyen menm enfòmasyon an. W ap resevwa yon avètisman ekri lè distri eskolè a ap pwopoze fè yon Evalyasyon inisyal oswa yon reevalyasyon, lè l ap pwopoze yon nouvo oswa yon IEP korije, lè l ap pwopoze yon chanjman nan plasman, yon chanjman nan plasman pou rezon disiplinè, oswa lè l ap pwopoze pou met fen nan sèvis edikasyon espesyal la.

W ap resevwa menm jan an yon avi si distri eskolè a jwenn yon rezon pou anile kalifikasyon pou sèvis edikasyon espesyal la oswa refize yon demann w te fè an relasyon ak evalyasyon oswa founiti edikasyon espesyal elèv w la. Avi distri eskolè yo fèt pou redije nan lang natal w oswa yon mòd diferan si se sa w itilize, amwenske li klèman pa posib pou fè konsa. Si lang natal w oswa lòt mòd komunikasyon pa yon langaj ekri, distri eskolè a fèt pou asire l avi lekòl la tradui pou w oralman oswa pa lòt mwayen (sètadi ak langaj siy) epi w konprann kontni avètisman an.

Epi tou distri lekòl la pral ekri ou pou mande ou konsantman ou – oswa pèmasyon ekri ou – avan lekòl la mande pou asirans sante piblik (Masshealth ou Medicaid), pou peye pou sèvis edikasyon espesyal yon elèv pou premye fwa.

Lè y ap ba w yon avètisman anvan, anmenmtan w ap resevwa yon kopi Avi konsènan Pwosedi Sovgad, oswa si w deja resevwa Avi sa a pandan lane eskolè a, ya di w kijan w kapab jwenn yon lòt kopi. Ya di w

tou kimoun pou w kontakte pou ede w konprann lwa Federal ak lwa leta yo konsènan edikasyon espesyal la.

2. KISA KONSANTMAN PARANTAL YE ?

34 CFR §300.9 AK 603 CMR 28.07 (1)

Distri eskolè a p ap bay elèv w la yon tès espesyal oswa yon sèvis espesyal amwenske w dakò oswa w bay konsantman paran w pa ekri. Distri eskolè a gen pou obligasyon kontakte ou ak eksplike aklè kisa l ap pwopoze pou fè pou elèv w la. Answit distri lekòl la ap mande ou pou siyen non ou sou fòm konsantman an pou montre ou dakò avèk pwopozisyon lekòl la. L ap mande w tou pou w siyen non w sou fòm konsantman an pou montre w dakò ak pwopozisyon lekòl la. Se sa yo rele « konsantman parental ». Se volontèman pou bay konsantman w. W kapab retire konsantman nenpòt kilè. Si w fè sa, toutfw, anilasyon konsantman w la kapab aplike sèlman pou aksyon fiti distri eskolè a, men pa pou sa ki te pase deja.

Distri eskolè a pa gen dwa sèvi ak refi w pou yon sèvis oswa yon aktivite pou l dènye w oswa elèv w la yon lòt sèvis yon lòt benefis oswa yon lòt aktivite. Konsantman w pa obligatwa anvan distri eskolè a revize enfòmasyon li deja posede epi ki egziste nan evalyasyon oswa reevalyasyon elèv ou la, konsantman w pa nesèsè nonplis pou lekòl la bay elèv w la yon tès oswa yon lòt evalyasyon yo bay tout elèv san konsantman tankou MCAS la, ki se yon tès nòmal pou yon klas epi li fè pati nan pwogram edikasyon jeneral la oswa pou lekòl la pataje enfòmasyon ak reprezantan ofisyèl edikasyon leta yo oswa federal yo.

2.1 KILÈ YON DISTRI ESKOLÈ AP MANDE KONSANTMAN OU ?

34 CFR §§ 300.300.300.154 AK
603 CMR 28.07(1)

Yon distri eskolè ap reklame konsantman paran w nan sikonstans ki annapre yo :

Pou otorize evalyasyon inisyal la pou detèmine si yon elèv kalifye pou yon edikasyon espesyal

Distri eskolè a pa kapab fè yon evalyasyon elèv w la pou detèmine si li kalifye pou resevwa yon edikasyon espesyal e/oswa sèvis aparante san li pa resevwa dabò konsantman w. Si yo refere elèv w la pou yon evalyasyon, distri eskolè a dwe mande w pou konsantman w anvan senk jou lekòl pase.

Pou apwouve premye sèvis yo

Si, lè evalyasyon inisyal la konplete, ekip Pwogram Edikasyon Endividalize a (IEP) deside elèv w la kalifye pou edikasyon espesyal, ekip IEP a pral pwopoze yon edikasyon espesyal ansanm ak sèvis aparante pou elèv w la. Ou se manm Ekip IEP a epi ou dwe w bay konsantman w anvan distri eskolè a founi yon edikasyon espesyal ansanm ak sèvis aparante yo pou elèv w la pou premye fwa. Si w pa bay konsantman w, distri eskolè a pap kapab founi edikasyon espesyal ak sèvis aparante yo bay elèv w la. W kapab aksepte oswa rejte tout pwopozisyon oswa yon pati sèlman. Pwogram IEP a oswa nenpòt pati w aksepte dwe kòmanse menm lè w aksepte l la.

Pou fè yon chanjman nan sèvis, nan plasman oswa nan evalyasyon

Depi w aksepte yon pwogram IEP pou elèv w la, distri eskolè a fèt pou pran konsantman w anvan distri eskolè a chanje sèvis yo oswa plasman elèv w la, oswa fè yon re-evalyasyon². Si w refize bay konsantman w, se pou w diskite rezon yo aktivman ak distri la yon fason pou rezoud

² Ou gen dwa tou pou obsève elèv ou nan pwogram li ye a ak obsève yon pwogram ki pwopoze anvan palsman elèv ou. Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade dokiman DESE ki rele “Obsèvasyon Paran yo sou Pwogram Edikasyon”.

dezakò an. Si w te bay konsantman ou pou sèvis yo anvan epi kounye a ou vle anile konsantman an ak retire elèv ou nan sèvis yo, ou dwe fè sa alekri. Si oumenm ak distri la pa kapab rezoud dezakò nou an epi distri la panse refi w a dènye elèv w la yon edikasyon piblik apwopriye ak gratis (FAPE), distri eskolè a gen pou obligasyon pou mande yon jijman nan Biwo Dapèl pou Edikasyon Espesyal (BSEA) pou li resevwa otorite pou founi sèvis edikasyonèl oswa re-evalye elèv w la san konsantman w.

Pou jwenn aksè nan asirans sante piblik (MassHealth ou Medicaid)

Distri lekòl la kapab itilize asirans sante piblik (MassHealth ou Medicaid) pou peye pou kèk sèvis edikasyon espesyal ki nan IEP elèv pou elèv ki gen asirans sante piblik. Avan distri lekòl la ap ka jwenn aksè nan MassHealth pou premye fwa, distri lekòl la dwe ekri ou pou anonse w li pral chèche ranbousman sa a, epi jwenn yon konsantman ou ekri ak volonte ou. Anons sa a pral di ou sèvis edikasyon espesyal toujou gratis pou ou menm ak fanmi ou ; nou pral fè ou konnen byen klè kijan konsantman ou pap fè gen okenn chanjman nan avantaj MassHealth pitit ou resevwa oswa sa li kalifye pou resevwa ; li pral di ou ki enfòmasyon sou pitit ou a nou pral pataje pou jwenn aksè nan Masshealth ; li pral raple w kijan ou ka anile konsantman ou an nenpòt lè ; epi fè w konprann p ap gen okenn chanjman nan sèvis oswa pwogram edikasyon espesyal pitit ou a si ou anile oswa pa bay konsantman ou. Si w bwote oswa pitit ou a vin enskri nan yon lòt distri, lè sa a nouvo distri a pral mande w pou bay konsantman ankò.

Pou otorize manm Ekip IEP a pa patisipe nan yon reyinyon Ekip la

Manm ekip IEP a kapab otorize pou yo absante yo nan yon reyinyon si ou te aksepte pa ekri davans pou patisipe nan reyinyon sa . Si ekip la pral diskite osijè pwoblèm ki nan domèn manm ekip la, se pou manm la kominike pa ekri kontribisyon li anvan reyinyon ekip la. Si yo pa dakò pou eskize manm ekip la, se pou manm sa a patisipe nan reyinyon Ekip IEP an.

2.2 KILÈ Y AP MANDE ELÈV KONSANTMAN LI ?

34 CFR §300.520 AK
603 CMR 28.07 (5)

Dapre lalwa Massachusetts, yon elèv tounen adilt depi 18yèm anivèsè li. **Lè yon elèv gen 18 lane**, tout dwa w te genyen pou pran desizyon pou li kòm paran, transfere jwenn elèv an ki tounen adilt, amwenske yon Tribinal lonmen yon Titè Legal pou elèv w la oswa elèv w la endike pa ekri li vle pataje otorite pou pran desizyon li avèk w oswa li vle pou w kontinye pran desizyon konsènan pwogram edikasyonèl li. Distri eskolè a dwe diskite ak w anvanm ak elèv w la enpak transfè dwa yo omwen yon lane anvan 18yèm anivèsè elèv an. Ankalite paran yon elèv adilt ki gen andikap, lekòl la ap kontinye ba ou tout avi nesèsè yo epi w ap toujou kapab kontinye enspekte dosye edikasyonèl elèv ou la, menm si elèv w la pran desizyon edikasyonèl li yo pou kont li.

2.3 KILÈ YON PARAN PA SIBSTITISYON POU EDIKASYON KAPAB BAY KONSANTMAN LI ? 34 CFR §300.519 (g))

603 CMR 28.07 (7)

Si Depatman Sèvis Sosyal gen lagad yon elèv, oswa paran elèv an oswa titè li pa kapab idantifye oswa lokalize oswa Tribinal la retire yo dwa parental yo, DESE gen responsablite pou asire li genyen yon adilt ki pa gen konfli enterè pou pran desizyon edikasyon espesyal pou elèv an. Yo rele moun sa a yon paran pa ranplasman pou edikasyon. Li gen menm dwa ak responsablite tankou tout paran lè se pou kesyon edikasyon espesyal elèv an.

2.4 KIJAN POU MWEN ANILE KONSANTMAN AN?

34 CFR §300.300(b)(4) AND 300.9

Si ou te bay konsantman ou pou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye epi kounye a ou vle anile konsantman ou, ou dwe fè sa alekri. Ou ka anile konsantman ou pou tout sèvis edikasyon espesyal

ak sèvis ki asosye, pou sèvis espesifik oswa plasman an patikilye oswa pou distri a itilize avantaj MassHealth oswa Medicaid pou pitit ou a. Depi distri lekòl la resevwa lèt ou, distri a ap voye ba ou yon avi pou endike chanjman, si genyen, nan plasman ak sèvis edikasyonèl akòz anilasyon konsantman ou. Depi ou anile konsantman ou pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye, distri lekòl la p ap gen obligasyon ankò pou fè FAPE disponib oswa pou fè yon reyinyon IEP oswa pou devlope yon IEP pou elèv ou. Distri lekòl yo pa gen obligasyon pou fè amannman na dosye elèv ou pou retire rekòmandasyon nan sèvis edikasyon espesyal akòz anilasyon konsantman ou.

3. ÈSKE DISTRI LEKÒL LA GEN OBLIGASYON POU EVALYE ELÈV SOU DEMANN YON PARAN? 34 CFR §300.301 AND 603 CMR 28.04

Yon elèv dwe resevwa yon evalyasyon konplè ak detaye pou detèmine si elèv la gen yon andikap ak si li kalifye pou edikasyon espesyal, epitou, si elèv la kalifye, pou ede detèmine sèvis edikasyon espesyal apwopriye ak sèvis asosye ki kapab nesèsè. Paran ki gen yon enkyetid konsènan devlopman pitit yo oswa ki sispèk pitit yo ta gen andikap kapab rekòmande pitit yo pou yon premye evalyasyon. Yo dwe itilize mo espesyal nan fè yon rekòmandasyon pou yon premye evalyasyon. Depi distri lekòl la resevwa yon demann pou yon premye evalyasyon, distri lekòl la dwe voye yon avi ba paran an epitou li dwe chèche jwenn konsantman paran an pou fè yon evalyasyon. (Yon distri lekòl ap genyen raman okazyon pou refize fè yon premye evalyasyon epitou li ka fè sa sèlman si paran an oswa lòt moun ki fè rekòmandasyon an pa sispèk elèv la gen andikap oswa si li pa gen enkyetid konsènan devlopman elèv la).

Kote sa apwopriye, distri lekòl la dwe bay paran an tou enfòmasyon konsènan lòt sèvis sipò ki ka pi byen satisfè bezwen espesyal yon elèv. Men, yon distri lekòl kapab pa refize evalye yon elèv ki te jwenn rekòmandasyon pou yon evalyasyon, jan sa dekri anwo a, sou baz pwogram ki rekòmande davans oswa pou yo kapab eseye lòt aktivite sipò enstwiksyon an oswa pou nenpòt lòt rezon. Answit, lalwa prevwa re-evalyasyon peryodik pou asire elèv la jwenn benefis nan edikasyon espesyal ak kontinye bezwen edikasyon espesyal. Konsantman paran an ap toujou nesèsè anvan re-evalyasyon sa yo.

4. KISA YO RELE YON EVALYASYON EDIKASYONÈL ENDEPANDAN ? 34 CFR §300.502 AK 603 CMR 28.04(5)

Yon Evalyasyon Edikasyonèl Endepandan (IEE) se yon evalyasyon ki fèt pa yon egzaminatè kalifye ki pa anplwaye pa distri eskolè a ki responsab pou edikasyon elèv w la.

W genyen dwa egzije yon IEE elèv w la sou kont leta si w pa dakò ak evalyasyon Distri eskolè a. Si w fè yon demann pou yon IEE, distri eskolè a dwe founi w enfòmasyon konsènan kote w kapab jwenn yon IEE epi osijè egzijans leta ki aplike pou IEE yo.

4.1 KILÈ YO FÈ YON EVALYASYON EDIKASYONÈL ENDEPANDAN SOU KONT LETA ?

Nan Massachusetts, selon lalwa leta a, w ap resevwa yon IEE gratis oswa y ap pataje frè yo ak w si revni w reponn ak egzijans pou kalifikasyon yo. Elèv ki kalifye pou repa gratis oswa pou pri diminye, yo gen dwa pou yon IEE sou kont leta. Gen lòt elèv ki kalifye pou yon pataj depans la ak yo, selon yon echel mobil. Se yon konpòtman ki totalman volontè pou pataje avèk distri eskolè a enfòmasyon sou finans pèsonèl ou. Si w chwazi pou pataje enfòmasyon sa yo, distri eskolè a dwe notifiye w imedyatman pa ekri si wi oswa non ou kalifye pou yon finansman total oswa pasyèl pou yon IEE epi pou l kòmanse finance IEE sou baz kalifikasyon a.

Dwa w genyen pou resevwa yon IEE sou kont leta depann kalifikasyon an fonksyon revni w yo valab pou 16 mwa apati dat evalyasyon distri eskolè w te refize a.

Si revni yo pa reponn ak egzijans pou kalifikasyon a oswa w chwazi pou pa bay enfòmasyon sou finans w, distri la dwe konsidere demann w a pou yon IEE finance par leta selon lalwa federal. Avan senk jou, distri la kapab swa dakò pou founi yon lèt sou kont leta oswa mande yon jijman nan Biwo

Apèl pou Edikasyon Espesyal (BSEA) pou pwouve evalyasyon distri la te fè a te yon evalyasyon konplè, detaye epi konvnan. Plis enfòmasyon konsènan IEE yo disponib nan sit entènèt DESE <http://www.doe.mass.edu/sped/advisories/?section=admin>.

W gen dwa ak yon IEE sèlman pou elèv w la sou leta chak fwa distri eskolè a ap fè yon evalyasyon. W kapab gen evalyasyon endepandan reyalize pou w epi w ap peye nenpòt kilè.

4.2 DISTRI ESKOLÈ A DWE EKZAMINE REZILTA IEE YO ANVAN 10 JOU PASE

Si w resevwa yon IEE (Evalyasyon edikasyonèl endepandan) reyalize sou kont leta, oswa w pataje ak distri eskolè a yon evalyasyon elèv w la w peye pou li, distri eskolè a dwe òganize yon reyinyon ak ekip la nan yon delè ki pa depase dis jou lekòl, apre li resevwa enfòmasyon osijè evalyasyon an. Ekip la ap egzamine rezilta evalyasyon an epi detèmine ki chanjman, si sa dwe fèt, pou yo fè nan IEP (Pwogram edikasyonèl endividyalize) elèv ou la.

5. KILÈ OU KAPAB ETIDYE DOSYE ELÈV OU LA ?

34 CFR 300.611 AK
603 CMR 23.00

Dosye elèv an konsiste ak transkripsyon ak done lekòl ki konprann dosye sante, tès, evalyasyon, dosye disiplinè ak lòt dosye an relasyon ak pwogram edikasyon espesyal oswa kalifikasyon elèv an oswa pwogram³. Enfòmasyon pèsonèl ki ka idantifye pitit ou se enfòmasyon konfidansyèl epi yo pa kapab divilge yo ba okenn lòt moun ki pa pwofesè ak ofisyèl edikasyon yo san konsantman ou.

Ou menm ak elèv an (si elèv gen 14 lane oswa plis) gen dwa pou konsilte nenpòt dosye menm jan ak tout dosye anvan 10 jou pase apre demann w a epi anvan nenpòt reyinyon IEP oswa yon odyans⁴ jis. Yo kapab menm founi w kopi enfòmasyon an pou yon pri rezonab.

Anplis de sa, w kapab rankontre pèsonèl kalifye lekòl la pou eksplike dosye yo. W kapab gen reprezantan w tou (konseye, konsiltan oswa avoka) pou enspekte, revize, entèprete dosye elèv w la si w bay yon konsantman espesifik avize pa ekri. Tout dwa ki asosye ak dosye elèv an egziste nan règleman CMR 23.000 Dosye Elèv Massachusetts. Yo kapab jwenn règleman sa yo nan sit entènèt <http://www.doe.mass.edu/lawsregs/603cmr23.html> oswa le w mande kopi règleman yo nan distri eskolè a oswa DESE a.

Anjeneral, paran an sèlman, oswa elèv kalifye la, pèsonèl otorize lekòl la, ak reprezantan ofisyèl edikasyon leta ak gouvènman federal yo otorize pou konsilte dosye elèv an san yon konsantman espesifik, avize ak ekri prodwi pa paran a oswa elèv adilt la.

Distri eskolè a kapab gen obligasyon pou kominike enfòmasyon bay ofisyèl leta oswa gouvènman federal yo poutèt yon òdonans tribinal oswa an repons ak aplikasyon yon lwa pou fè fas ak yon pwoblèm sante ak sekirite piblik. W kapab jwenn enfòmasyon itil konsènan dosye sa yo ak lòt kesyon sou dosye elèv an nan sit entènèt sa : <http://www.doe.mass.edu/lawsregs/advisory/cm23qanda.html>.

6. KIJAN PARAN AK LEKÒL REZOUZ DEZAKÒ ?

34 CFR 300.151, 300.506 -300.518 AK 603 CMR 28.08

Lwa leta yo tankou lwa federal yo pou edikasyon espesyal ofri anpil opòtinite pou paran yo angaje nan planifikasyon edikasyon elèv yo ki genyen enfimite. Si paran yo ak distri eskolè yo pa dakò osijè chanjman an relasyon ak idantifikasyon evalyasyon, oswa plasman yon elèv enfim, oswa sèvis FAPE yo

³ Si paran yon elèv anile konsantman yo pou sèvis edikasyon espesyal apre yo te fin ofri sèvis sa yo anvan, distri lekòl yo pa gen obligasyon pou fè amannman nan dosye elèv la pou retire rekòmandasyon pou sèvis edikasyon espesyal yo.

⁴ Distri lekòl la kapab sèlman limite aksè nan dosye elèv la si li te resevwa yon dokiman legal tankou yon lòd restriksyon oswa yon jijman divòs oswa jijman lagad timoun ki mete restriksyon sou aksè nan enfòmasyon konsè elèv la.

ofri elèv enfim la, lwa yo ofri yon kantite manyè pou rezoud dezakò a. Elèv w la dwe rete nan pwogram edikasyon an epi plasman li a pandan yon dezakò konsènan plasman oswa sèvis, amwenske oumenm ak distri eskolè a dakò sinon plasman elèv w la kapab chanje poutèt yon kesyon [disipline](#).

Men ki altènativ ou genyen ak distri eskolè a pou kapab rezoud dezakò :

6.1 ENFÒME OFISYÈL LEKÒL PIBLIK LOKAL YO OSIJÈ DEZAKÒ A

Kòm premye pa pou rezoud dezakò a, kontakte Direktè lekòl la, Administratè Edikasyon Espesyal la, oswa Sipè-Entandan an pou mande asistans. Se yon demach rekomandab pou w ekri yon lèt kote w eksplike sityasyon ki konsène w la.

6.2 SÈVI AK SISTÈM REZOLISYON PWOBLÈM DESE A

Si w panse w bezwen èd andeyò distri eskolè w la, w kapab kontakte DESE, Biwo Sistèm Rezolasyon Pwogram (PRS) nan nimewo 781-338-3700 pou itilize « Sistèm Rezolasyon Pwoblèm » leta a. W ap jwenn bon eksplikasyon nan sit entènèt la : <http://www.doe.mass.edu/PRS/prs/>. W kapab pote plent bay biwo PRS la osijè nenpòt ki vyolasyon lwa leta oswa federal sou edikasyon oswa w kapab resewva èd ekip PRS pou rezoud pwoblèm la enfòmèlman. Si w vle PRS mennen yon ankèt fòmèl, se pou w soumèt plent w pa ekri. Ekip PRS ap ede w pou prepare ak soumèt plent w. Nan lèt plent la se pou w eksplike enkyetid w, tantativ w fè pou rezoud enkyetid yo, epi masyone egalman w kwè lekòl la si li pran aksyon kapab rezoud pwoblèm la. Anfen w siyen ak di kijan yo kapab kontakte w. Si plent w a konsène yon elèv espesifik, se pou w founi non elèv an, adrès rezidans li ak non lekòl la.

Kesyon pou kilès w ap pote plent la, pa fèt pou te rive plis pase yon lane anvan PRS Resewwa plent la. Si w chwazi pou pote yon plent fòmèl ak sistèm Rezolasyon pwoblèm PRS, se pou w voye yon kopi plent la bay distri eskolè a sou ki sa ki rezon plent la. PRS ap pote yon solisyon pou plent w nan yon delè 60 jou epi l ap voye yon kopi konklizyon ansanm ak desizyon li yo ba w.

Si w pote yon plent fòmèl bòkote PRS, sa pa anpeche w itilize lòt metòd, tankou konvèsasyon ak distri eskolè a, medyasyon, oswa yon rekou ([due process hearing](#)) pou Edikasyon Espesyal (devlope pi ba) pou rezoud plent w a.¹ Si w mande yon odyans nan tribinal Biwo Apèl pou Edikasyon Espesyal la, plent ou depoze bòkote Sistèm Rezolasyon Pwoblèm yo ap mete l dekonte jistan odyans pou rekou a pa fini.

6.3 MANDE YON NONMEN YON MEDYATÈ KI PA GEN PATI PRI.

[Medyasyon](#)⁵ se yon sèvis yon moun ki pa patizan pèsòn founi; se yon moun ki antrene nan lwa edikasyon espesyal ak non metòd negosyasyon. Li posib pou yo pwograme yon medyasyon depi paran ak lekòl yo gen dezakò osijè kesyon edikasyon espesyal, menm si yon plent te pote paran yo ak distri eskolè a eksplike dezakò yo epi jwenn yon aranjman toulède pati kapab aksepte. Diskisyon pandan medyasyon yo konfidansyèl epi anyen ki di pa yon pati kapab itilize apre si dezakò sa a ta pran fòm yon konfli ki pral jije devan yon tribinal. Depi yo jwenn yon

⁵ W ap jwenn deskripsyon pwosesis medyasyon an sou sit Wèb DESE a nan <http://www.mass.gov/anf/hearings-and-appeals/bureau-of-special-education-appeals-bsea/mediation/>

antant, antant la ap kouche sou papye pa ekri, de pati yo ap siyen l epi antant sa a tribinal kapab oblije pou yo respekte l.

Pou fè yon aranjman pou medyasyon kontakte BSEA nan nimewo 781-397-4750.. Medyatè a ap pwograme yon reyinyon ak w ak distri eskolè a yon le ki konvnen pou tout moun. Patisipasyon se yon ak volontè, se pou patisipe nan medyasyon an. Sèvis la gratis.

W ap jwenn enfòmasyon adisyonèl sou fason medyasyon fonksyone nan BSEA nan nimewo 781-397-4750. ak nan pwospektis yo pibliye a ki rele « Kesyon yo poze souvan osijè medyasyon » ("[Frequently Asked Questions about Mediation](#)")⁶ ak Eksplikasyon konsènan medyasyon (« [Explanation of Mediation](#) »).⁷

6.4 MANDE YON JIJMAN EPI PATISIPE NAN YON REYINYON POU REZOLISYON

Si w ak distri eskolè pa t jwenn mwayen pou n antann nou, w ta gen dwa mande pou yon fonksyone enpasyal tande toulède pati yo ki nan diskisyon an.

Pou l tande temwayaj, egzamine prèv, ak pran yon desizyon. BSEA konvoke yon odyans ki rele odyans pou rekou (*due process hearing*).

Fonksyone BSEA ki pral tande ka a sibi yon antrènman nan lwa edikasyon espesyal yo epi li pa dwe genyen okenn lyen pèsonèl oswa pwofesyonèl ak w oswa ak nenpòt moun ki an kòz nan dezakò a.

Pandan pwosesis odyans la, diskisyon osijè kalifikasyon, evalyasyon, IEP (Pwogram Edikasyon Endividyalize) desizyon plasman edikasyonèl, ak plasman disiplinè, FAPE (Edikasyon piblik apwopriye gratis), pwovizyon pou edikasyon espesyal, oswa pwoteksyon prosediral lwa leta ak lwa federal pou elèv enfim yo, tout bagay sa yo ap konsidere. Se pou w depoze yon plent nan yon delè ki pa depase de lane depi w okouran oswa w te dwe konnen⁸ osijè evènman ki fòme baz plent w a. Yo kapab lonje delè a si w kapab pwouve yo te anpeche w pote plent poutèt distri eskolè a fosman te fè w kwè li te rezoud pwoblèm la oswa distri eskolè a pa t kominike sèten enfòmasyon w te mande l.

W oswa distri eskolè a gen dwa aplike pa ekri pou yon demann pou odyans rekou [due process hearing request](#)⁹ avèk lòt pati a epi kominike yon kopi ak BSEA pou l òganize odyans la. BSEA kreye yon Fòm Pou Odyans Rekou [hearing request form](#)¹⁰ wa kapab itilize, oubyen w kapab ekri pwòp lèt w olye w itilize fòm la.; men se pou w sèten w mansyone non elèv an, adrès lakay li (oswa moun ki kontak li si elèv an pa gen kay (homeless), non lekòl elèv an, yon deskripsyon pwoblèm ki twouble w la, avèk aksyon oswa bagay espesifik an relasyon ak pwoblèm la, epi yon fason pou rezoud pwoblèm la. Li enpòtan pou w note sèlman kesyon ki mansyone nan plent la ap diskite pandan odyans lan.

Se pou w voye demann odyans rekou a (due process hearing request) bay distri eskolè a (oswa lòt pati a bay pleyan an) epi yon kopi bay BSEA. Si demann pou odyans la pa founi ase enfòmasyon, pati opoze a gen dwa met sifzans li an dout nan yon delè 15 jou. BSEA ap deside si dosye plent la *sifizan* nan yon delè 15 jou apre mizandout la. Se posib pou yo ajoute enfòmasyon adisyonèl ak plent la si pati opoze a dakò oswa si fonksyonè k ap tande ka a bay

⁶ <http://www.mass.gov/anf/hearings-and-appeals/bureau-of-special-education-appeals-bsea/mediation/mediation-faqs.html>

⁷ <http://www.mass.gov/anf/docs/dala/bsea/mediation-brochure-2012.doc>

⁸ Fraz « oswa w te dwe konnen » rale w gen responsablite pou okouran pwogram elèv w la.

⁹ W ap jwenn enfòmasyon sou « pwosesis odyans pou rekou » nan sit : <http://www.mass.gov/anf/hearings-and-appeals/bureau-of-special-education-appeals-bsea/due-process-hearings/>

¹⁰ <http://www.mass.gov/anf/docs/dala/bsea/hearing.doc>

otorizasyon pou sa. Si yo ajoute lòt sijè nan dosye plent la annapre, pakonsekan, kalandriye odyans la ap modifiye totalman.

Si pa gen remiz-an-kesyon konsènan sifzans dosye plent la, le konsa pwosesis odyans la kontinye. Si distri eskolè a poko voye ba w yon avi ekripreyalab [prior written notice](#) konsènan pwoblèm pou ki w pote plent la, nan yon delè ki pa depase 10 jou apre li resevwa demann pou odyans w a, distri eskolè a dwe reponn w alekri konsènan plent w a.

Remak: Si *distri lekòl* la te fè yon demann pou odyans rekou, *paran an dwe reponn* (alekri) nan yon delè ki pa depase 10 jou sitou sou kesyon distri eskolè a mansyone.

Apre w fè yon demann pou yon pwosesis odyans rekou, distri eskolè a gen yon delè 30 jou pou l travay ak w epi eseye rezoud dezakò a anvan pwosesis odyans la kòmanse.¹¹

Yo fè distri eskolè obligasyon pou li òganize yon reyinyon rezolisyon nan yon delè 15 jou apre li resevwa, demann pou odyans w a.¹² Distri eskolè a ap detèmine ak w ki manm pami ekip IEP a ki dwe patisipe nan reyinyon a. Yon manm distri eskolè a ki kapab pran desizyon osijè pwogram elèv w la fèt pou patisipe nan reyinyon a. Li pa nesesè pou avoka distri eskolè a prezan si w pa gen yon avoka w menm.

W oblije patisipe nan reyinyon rezolisyon an, amwenske w ansanm ak distri eskolè a dakò, alekri, pou nou pa òganize reyinyon an, oswa si w menm ak distri eskolè a deside itilize pwosesis medyasyon [mediation process](#). Si Ou refize patisipe nan reyinyon rezolisyon an, odyans la p ap ka kontinye.

Pwosesis rezolisyon kanpe le yon nan evènman n ap site annapre yo rive :

- lè w ak distri eskolè a dakò, alekri, pou fini peryòd rezolisyon an ;
- alafen peryòd rezolisyon 30 jou an ;
- alafen peryòd rezolisyon an ; oswa

lè w menm ak yon manm otorize distri eskolè a siyen yon dokiman ki rekonèt akò nou epi rezoud dezakò a. Se yon « règleman alamyab » tribinal leta oswa federal kapab fè respekte. Remake, si oumenm ak distri eskolè a siyen yon akò apre yon reyinyon rezolisyon, swa oumenm oswa distri eskolè a gen dwa anile akò a nan yon delè 3 jou ouvrab apre w ak distri eskolè a te siyen dokiman akò a.

6.5 PREZANTE PRÈV OU YO DEVAN YON FONKSYONÈ ENPASYAL KI PRAL TANDE KA A

Lè w pote plent kòrèkteman, BSEA ap detèmine yon dat pou l tandè ka a, asiyen yon fonksyonè epi voye enfòmasyon detaye ba w konsènan pwosesis jijman ka a, ak yon lis non avoka bon mache oswa volontè gratis ou kapab kontakte pou asistans.

Pandan odyans lan w ak distri eskolè, nou chak ap prezante prèv, founi temwayaj temwen bay yon fonksyonè BSEA ki enpasyal. Ni nan yon pwosesis odyans apwopriye, ni nan odyans an relasyon ak pwosedi disipline, w pa gen dwa :

- akonpaye, konseye, ak reprezante pa yon avoka e/oswa yon defansè ;

¹¹ Si w ansanm ak distri eskolè a dakò pou yon medyasyon, nou kapab dakò pou kontinye medyasyon an apre peryòd 30 jou an.

¹² Si w ansanm ak distri eskolè a dakò pou yon medyasyon, nou kapab dakò pou kontinye medyasyon an apre period 30 jou a.

- genyen elèv ou prezan akote w ;
- pèmèt pou odyans lan prive ;
- prezante kòm prèv dokiman ak rapò ;
- mande oswa egzije atravè sitasyon pou konparèt, pou temwen yo vini nan odyans la pou reponn kesyon yo ;
- konsilte kèlkeswa prèv y ap sèvi nan odyans lan omwen senk jou ouvrab davans epi mande ofisye k ap prezidan odyans lan pou ekate nenpòt prèv ou pa t wè; e
- resevwa gratis yon rapò ekri oswa, selon chwa pa w, yon anrejistreman elektwonik motamo konklizyon odyans lan ak desizyon. Pou kapab resevwa yon dokiman ekri odyans lan, ou dwe fè demann lan alekri.

W kapab jwenn enfòmasyon adisyonèl nan BSEA nan nimewo 781-397-4750. ak nan sit entènèt BSEA : <http://www.mass.gov/dala/bsea>

Odyans yo dirije jan Lwa konsènan pwosedi administrative na Eta Massachusetts (Massachusetts Administrative Procedure Act¹³) ak Règleman konsènan odyans BSEA a ([Hearing Rules](#)).¹⁴ Fonksyonè ki pou preside odyans lan we pwononse yon desizyon final nan yon delè ki pa depase 45 jou apre peryòd rezolisyon ki dekri pi wo a amwenske yo akòde fonksyonè a yon estansyon nan delè a, si youn nan pati yo fè demann la. Fonksyonè a ap voye yon kopi desizyon an ba w ak ba distri eskolè a. Paran yo tankou distri eskolè a dwe respekte desizyon fonksyonè a ki tande ka a.

Desizyon yon fonksyonè pou ofri elèv an yon FAPE (edikasyon piblik apwopriye gratis) fèt pou baze sou konklizyon dwa elèv an genyen pou yon edikasyon espesyal te vyole oswa yon sètitud distri eskolè a pa t ranpli lòt obligasyon li genyen ak elèv an selon lwa ak règleman pou edikasyon espesyal yo.

Si w te pote plent osijè yon vyolasyon pwosedi edikasyon espesyal la (tankou defayans pou òganize yon reyinyon ekip konvnan, rapò mal fèt oswa defayans pou swiv ajanda ak kalandriye) yon fonksyonè ki lonmen pou tande ka sa yo kapab dekouvri elèv w la pa t resevwa yon FAPE, sèlman si defayans pou swiv pwosedi yo :

- entèfere ak dwa elèv ou pou resevwa yon FAPE;
- entèfere anpil ak abilite w pou patisipe nan desizyon osijè edikasyon elèv ou; oswa
- prive elèv an resevwa edikasyon.

Desizyon fonksyonè ki tande ka a se desizyon final yon Ajans konpetan. BSEA pa kapab rekonsidere l epi DESE pa kapab chanje l. Desizyon yo pran nan odyans piblik¹⁵ epi yo disponib sou sit Wèb BSEA nan <https://www.mass.gov/bsea-decisions-and-rulings>.

6.6 FÈ APÈL DEVAN YON TRIBINAL LETA OSWA YON TRIBINAL FEDERAL KONT YON DESIZYON YO TE PRAN ANN ODYANS

Si youn nan paran yo oswa distri eskolè a pa dakò avèk desizyon fonksyonè ki tande ka a pran, yo kapab fè apèl kont desizyon sa a devan yon tribinal leta oswa yon tribinal federal. Yon demann pou apèl konsa fèt pou pwodui nan yon delè 90 jou apre desizyon an.

6.7 ONORÈ AVOKA

34 CFR §300.517

¹³ M.G.L. c.30A

¹⁴ <http://www.mass.gov/anf/docs/dala/bsea/hearing-rules.doc>

¹⁵ Desizyon odyans yo pran nan odyans yo pibliye apre enfòmasyon yo jwenn nan redaksyon an pèmèt fasilman pou idantifye elèv an.

Chak pati fèt pou peye onorè avoka pa l sof si tribinal la decide lòt jan. Si w jwenn yon rezilta pozitif yo kominike alekri apre yon odyans oswa yon deba nan tribinal, tribinal¹⁶ la gen dwa decide pou distri eskolè a peye onore rezonab avoka w la. Note, toutfwa, w pap kapab resevwa onorè sa yo pou tan w pase w ap plede ka a apre distri eskolè a fè yon òf règleman si :

- distri a fè yon òf règleman alekri 10 jou oswa plis anvan odyans lan,
- ou pat aksepte òf la nan delè 10 jou a, e
- rezilta odyans la pa siperyè pase òf la.

Yon tribinal kapab ba w oswa avoka w lòd pou peye depans jiridik distri eskolè a oswa òganizasyon leta si tribinal la jwenn avoka w la pote yon plent oswa li kontinye ap plede apre li aprann plent la pa t gen baz reyèlman, li pa t rezonab epi li te lejè, oswa li te kontinye ap diskite pou yon rezon ki pa t kòrèk.

Si distri lekòl la jwenn yon desizyon favorab, yon tribinal kapab egzije avoka ou pou l peye depans legal distri lekòl la si tribinal la jwenn avoka ou te fè yon plent oswa si avoka ou te kontinye plede apre li fin aprann plent lan pa t gen baz, pa t rezonab oswa te fèt pou rezon ki pa kòrèk. Yon tribinal kapab egzije ou oswa avoka ou tou pou peye depans legal si demann ou pou yon odyans jis oswa kòz aksyon ki vini annapre te prezante poun yon objektif ki pa kòrèk, tankou asèlman, pou lakòz dèle ki pa nesèsè oswa pou ogmante frè litij la san rezon.

7. KI RESPONSABILITE OU GENYEN SI OU ENSKRI ELÈV AN NAN YON LEKÒL PRIVE ? ÈSKE W KWÈ DISTRI ESKOLÈ A OBLIJE RANBOUSE W EKOLAJ LA ?

34 CFR §300.148

Gen de okazyon kote yon paran kwè lekòl piblik la p ap bay elèv an yon FAPE (Edikasyon Piblik Apwopriye Gratis) epi paran an decide enskri elèv an nan yon lekòl prive. Yon paran gen dwa enskri elèv li nan yon lekòl prive kote l ap peye ak kòb li nenpòt lè. Si, toutfwa, paran an kwè lekòl piblik la responsab pou depans edikasyon elèv an nan yon lekòl prive, paran an dwe avize distri eskolè a epi enfòmè l objeksyon li fè ak IEP elèv an ansanm ak pwogram la, fè l konnen li rejte IEP a, enfòmè distri eskolè a sou entansyon li genyen pou l retire elèv an epi enskri l nan yon lekòl prive, ak mande BSEA pou yon odyans. Paran an gen obligasyon pou l enfòmè distri eskolè a anvan li retire elèv an nan lekòl piblik la swa oralman pandan dènye reyinyon ekip la anvan pou l retire elèv oswa alekri omwen 10 jou anvan li retire elèv an lekòl lan.

Distri eskolè a pa oblije peye pou yon elèv ki frekante yon lekòl prive si distri eskolè a te mete yon FAPE disponib pou elèv an. Dezakò ant paran ak paran ak distri eskolè a osijè si wi ou non pwogram elèv an akòde yon FAPE epi demann pou ranbousman finansye pou depans reyalize pou peye yon pwogram prive ap jwenn yon solisyon selon pwosedi odyans pou rekou a (due process) nou eksplike deja nan dokiman sa a. Fonksyonè ki pral tande ka a, ap detèmine si wi oswa non lekòl la te mete yon FAPE disponib pou elèv an. Si fonksyonè a reyalize distri eskolè a pa t founi yon FAPE ba elèv an, li jwenn w te swiv etap mansyone pi wo a, epi plasman nan lekòl prive a, apwopriye, fonksyonè k ap tande ka a, lè li fin fè tout konsiderasyon osijè sikonstans pou retire elèv an nan lekòl piblik la, kapab mande distri eskolè a pou l ranbouse tout oswa yon pati depans ekolaj plasman nan lekòl prive a.

8. KISA POU YO FÈ POU PLANIFYE TRANZISYON ELÈV OU LA APRE LISE A ?

Planfikasyon pou tranzisyon elèv ou ant lekòl la ak opòtinite apre-lekòl ap fasilite kapasite elèv ou pou patisipe avèk siksè nan aktivite yo tankou edikasyon apre lekòl segondè, travay, ak lavi nan kominote ak lavi adilt. Planifikasyon pou tranzisyon elèv la baze sou pwen fò, preferans, enterè ak bezwen elèv la, li dwe kòmanse lè elèv la gen laj 14 zan, epitou yo dwe diskite sou sa chak ane nan yon reyinyon Ekip la.

¹⁶ Yon reprezantan odyans BSEA pa kapab akòde onorè avoka.

Distri lekòl la dwe diskite sou bezwen tranzisyon elèv la avèk ou ak elèv ou epitou li dwe konsidere objektif pou elèv ou apre li fini lekòl lè li gradye avèk yon diplòm regilye lekòl segondè oswa lè li vin gen laj 22 zan. Distri eskolè dwe itilize Fòm Planifikasyon Tranzisyon [Transition Planning Form](#)¹⁷ pou note rezilta diskisyon anyèl la. IEP elèv an dwe endike objektif mezirab tranzisyon apre lekòl segondè (sètadi apre etid segondè yo), objektif ak sèvis ki baze sou yon estimasyon apwopriye enfimite li ak bezwen li genyen pou tranzisyon an.

Lè w resevwa yon diplòm regilye fen etid segondè se yon chanjman nan plasman epi lafen kalifikasyon elèv an pou yon edikasyon espesyal. Distri eskolè a dwe enfome w si ak kilè li espere pou elèv w la resevwa yon diplòm regilye fen etid segondè. Konvèsasyon sa a dwe fèt omwen yon ane anvan seremoni remiz diplòm yo.

9. KIJAN YON LEKÒL KAPAB DISIPLINE YON ELÈV KI ANDIKAPE ?

34 CFR 300. 530

Lekòl piblik dwe posede pwosedi ak estanda etabli pou asire yon anviwònman eskolè sekirite pou elèv yo. Yo swete lekòl primè yo epi yo fè lekòl segondè yo (High School) obligasyon pou yo pibliye règleman konduit konsa elèv yo konnen kijan yo dwe kondui tèt yo. Si yon elèv konpòte l mal ak vyole kòd konduit lekòl la, lekòl la kapab pran mezi disiplinè apwopriye. Disiplin fèt pou jis ak san patipri.

Anjeneral yo kapab sispansyon nenpòt elèv oswa ranvwaye l lekòl la pou yon kout peryòd ki pa depase 10 jou. Anvan yon ranvwa oswa yon sispansyon elèv an fèt pou enfòmasyon sou akizasyon yo pote kont li epi yo dwe ba l yon chans pou l bay vèsyon pa li. Pandan yon ranvwa disiplinè kout dire, lekòl la pa oblije founi enfòmasyon bay elèv ki andikape a, amwenske li aji konsa pou elèv ki pa andikape. Depi yon elèv ak enfimite te ranvwaye lekòl la pou plis pase 10 jou kimilatif pandan ane eskolè a, elèv an dwe resevwa sèvis edikasyonèl ki pou pèmèt elèv kontinye patisipe nan pwogram jeneral edikasyon an epi pou l pwogrese pou reyalize objektif yo te fikse nan IEP li. Ofisyèl lekòl la dwe konsilte omwen youn nan pwofesè elèv an pou detèmine kilès sèvis ki nesese. Sèvis sa yo fèt pou kòmanse depi llyèm jou ranvwa disiplinè elèv an ak kontinye pandan ranvwa disiplinè a.

Lekòl yo dwe swiv règleman espesyal disiplinè pou elèv ki andikape ki te kalifye pou edikasyon espesyal.¹⁸ Yon tablo ki reprezante tout règleman disiplinè yo egziste anba tit entènèt ESE.¹⁹ Règleman disiplinè espesyal say o aplike depi yo ranvwaye yon elèv nan plasman edikatif kote li ye alèkile²⁰ li pou plis pase 10 jou defile, oswa si yon elèv ranvwaye pou rezon disiplinè pou yon total ki depase 10 jou pandan nenpòt ane eskolè epi gen yon model pou ranvwa pou konpòtman konparab. Lekòl la oblije enfòmasyon w osito yo pran desizyon pou ranvwaye elèv w la nan plasman edikasyon an pou plis pase 10 jou epi kominike w yon kopi Avi sa a.

Ekip IEP elèv an dwe reyini avan 10 jou pase depi desizyon lekòl la pou aplike mezi disiplinè a. Pandan reyinyon an, ki gen pou non « *detèminasyon manifest* », w ansanm ak lòt manb ekip IEP a pral detèmine si move konpòtman te koze pa oswa li te genyen yon relasyon dirèk avèk andikap elèv an, oswa se te rezilta defayans lekòl la pou ofri sèvis nesese epi reklame pa IEP elèv an. Lè y ap fè reyinyon detèminasyon manifest an, w ak lòt manb ekip IEP a dwe egzamine enfòmasyon jistifikatif nan dosye elèv

¹⁷ <http://www.doe.mass.edu/sped/28MR/28m9.doc>

¹⁸ Règleman disiplinè pou edikasyon espesyal yo aplike egalman pou kèk elèv yo poko jwenn yo kalifye pou edikasyon espesyal. Si, anvan manifestasyon konpòtman an kesyon an, paran an te ekri pèsònèl sipèvizyon an, oswa pèsònèl administratif la, oswa pwofesè elèv an pou enfòmasyon yo osijè posiblite pou elèv an genyen yon andikap. Si pwofesè a oswa yon lòt manm pèsònèl edikatif la te eksprime enkyetid yo osijè mòd konpòtman elèv an dirèkteman ba dirèkteman edikasyon espesyal la oswa ba yon lòt manm pèsònèl sipèvizyon an, oswa si yo te refere elèv an pou yon evalyasyon ki poko fini, règleman espesyal sa yo aplike pou yo. Règleman disiplinè espesyal *pa aplike* si paran a te refize konsanti nan evalyasyon a oswa si yo te detèmine depi anvan elèv la pa t kalifye pou edikasyon espesyal.

¹⁹ <http://www.doe.mass.edu/sped/28MR/28m9.docx>

²⁰ Se Ekip IEP a ki detèmine plasman IEP a epi se nan adrès kote y ap founi sèvis IEP yo.

an, ak IEP elèv an, ou fèt pou kenbe kont obsèvasyon w fè ansanm ak obsèvasyon pwofesè yo sou konpòtman elèv an, ak nenpòt enfòmasyon itil w founi.

Si ekip la detèmine konpòtman elèv an pa t koze ni le pa t an relasyon dirèk ak andikap elèv an, ni se pa t defayans pou aplike kòrèkteman IEP a, nan ka sa a yon elèv ak enfimite kapab sibi mezi disipline menm jan ak pou w dire tan avèk lòt elèv ki disipline pou menm enfraksyon an.

Ekip IEP sepandan dwe detèmine mizanplas altènativ edikasyonèl pwovizwa a (IAES) se yon aranjman tanporè ki pèmèt elèv an kontinye resevwa sèvis edikasyonèl annakò avèk IEP li. Pèsonèl lekòl la dwe egzamine ak atansyon sikonstans patikilye elèv an lè l ap detèmine si yon chanjman nan plasman apwopriye pou yon elèv ki andikape.

Si ekip la detèmine konpòtman elèv te koze pa oswa li te dirèkteman an rapò avèk andikap elèv an oswa poutèt defayans pou aplike kòrèkteman IEP a, nan ka sa a elèv an fèt pou retounen nan dènye plasman IEP ki te apwouve a, amwenske w ak ekip IEP a deside pou yon lòt plasman. Se pou yo reyalize pou elèv an yon evalyasyon sou konpòtman fonksyonèl li oswa FBA ki se yon evalyasyon detaye ak konplè konpòtman moun la ki founi ekip IEP a enfòmasyon osijè konpòtman elèv an ak idantifye ki kalite sèvis entèvansyon pou korije konpòtman an, ki modifikasyon nan pwogram la yo dwe pote pou evite vyolasyon konpòtman sa yo pa rive ankò. Si yo te deja fè yon evalyasyon konpòtmantal pou elèv an epi yo te etabli yon plan entèvansyon konpòtmantal pou elèv an epi yo te etabli yon plan entèvansyon konpòtmantal, se pou ekip IEP a detèmine si li pa nesèsè pou yo fè kèk chanjman nan plan entèvansyon konpòtmantal la. Si konpòtman te koze pa yon defayans nan aplikasyon IEP a, imedyatman, se pou lekòl la pran mezi pou korije defisyans yo.

Note si elèv an posede oswa itilize yon zam oswa dwòg, oswa li koze grav blesi kòporèl sou yon lòt moun sou pwopriyete lekòl la, oswa pandan yon manifestasyon eskolè, direktè a kapab plase l nan yon IAES pou yon peryòd ki kapab ale jiska 45 jou san pran an kont konpòtman elèv an te kapab yon manifestasyon enfimite l. Ekip IEP a ap detèmine IAES la epi sèvis edikasyonèl apwopriye a y ap ofri elèv an pandan li nan IAES lan.

9.1 APPEAL OF A DISCIPLINARY DECISION

Si yon paran pa dakò ak nenpòt desizyon konsènan plasman elèv a selon pwovizyon disiplinè yo oswa pa dakò avèk manifestasyon detèminasyon a, oswa si distri eskolè a panse konsève menm plasman pou elèv an kapab lakòz pwobab yon blesi swa pou elèv an oswa pou lòt moun, paran an oswa distri eskolè a kapab fè apèl sou desizyon sa a ak mande yon odyans [requesting a hearing](#) ak BSEA a, jan yo mansyone l deja nan dokiman sa a.

BSEA dwe konvoke yon odyans sou plasman disiplinè oswa sou detèminasyon manifèst pito sa posib.²¹ Pandan apèl yon plasman disiplinè oswa yon detèminasyon manifèst, elèv dwe rete nan IAES la jis lè fonksyonè kapab tandè ka a pran yon desizyon oswa peryòd disiplinè a pran fen, amwenske paran an ak distri eskolè a dakò pou yon lòt plasman.

10. KI KOTE YO KAPAB JWENN LWA AK RÈGLEMEN AK LÒT ENFÒMASYON ITIL ?

10.1 LWA AK RÈGLEMEN

W kapab jwenn tèks konplè lwa leta a sou Edikasyon Espesyal nan Lwa jeneral Massachusetts Chapit 71B. Pifò moun konnen Lwa Leta a anba non « Chapit 766 ». Règleman Leta a sou edikasyon espesyal egziste nan Kòd Règleman Massachusetts (CMR)

²¹ Konsilte Règ II.C. odyans BSEA Odyans senplifye. <http://www.mass.gov/anf/docs/dala/bsea/hearing-rules.doc> p.6.

nan 603 CMR 28.00 Lwa a ak règleman yo ak lòt resous itil nan sit entènèt DESE.²²

Lwa federal sou edikasyon espesyal ki rele Lwa konsènan edikasyon pou moun ki andikape (IDEA, Individuals with Disabilities Education Act). Lwa federal la loje nan Kòd Etazini nan 20 U.S.C. § 1400. Aplikasyon règleman pou IDEA rankontre nan Kòd Federal Règleman (CFR) nan chapit 34, Seksyon 300. W kapab jwenn yon kopi lwa federal ak règleman ak enfòmasyon eksplikatif nan sit entènèt Depatman Edikasyon nan <http://idea.ed.gov/>.

10.2 GID AK FÒM PWOSESIS PWOGRAM EDIKASYON ENDIVIDYALIZE

W kapab jwenn yon vi jeneral sou fason pwosesis Edikasyon Espesyal la fonksyonè nan sit entènèt (enfòmasyon sa a soti nan gid IEP ki te prepare pa USDOE) <http://www.doe.mass.edu/sped/iep>.

Si w vle jwenn yon eksplikasyon DESE sou fason IEP a devlope, konsilte Gid konsènan pwosesis IEP ak fòm estanda IEP yo ki disponib sou sit entènèt sa a : <http://www.doe.mass.edu/sped/iep>

10.3 TABLO ABREVIYASYON

Anpil ekspresyon kouran ki gen pou wè ak edikasyon espesyal abrevye ak akwonim ki konpoze ak lèt inisyal ekspresyon an. Pou sa kapab pi fasil pou w, akwonim ak ekspresyon yo itilize na dokiman sa a liste annapre :

BSEA:	Biwo apèl edikasyon espesyal
CFR:	Kòd lejislasyon federal
CMR:	Kòd lejislasyon Massachusetts
DESE:	Depatman Edikasyon prime ak segondè Massachusetts
FAPE:	Edikasyon piblik gratis ak apwopriye
FBA:	Evalyasyon konpòtman fonksyonèl
IAES:	Kad edikasyon altènatif pwovizwa
IDEA:	Lwa konsènan moun ki andikape
IEE:	Evalyasyon edikasyon endepandan
IEP:	Pwogram edikasyon endividyalize
PRS:	Pwogram sèvis asirans kalite

10.4 LIS SIT WÈB YO

DESE pibliye enfòmasyon detaye pou paran yo ak distri lekòl yo sou sit wèb li yo nan Entènèt. Sit wèb sa yo genyen law enpòtan, règleman ajans ak dokiman itil ki eksplike pwosesis edikasyon espesyal la.

Twoub Espèk Otis:

http://www.doe.mass.edu/sped/advisories/07_1ta.html

Biwo Apèl nan Edikasyon Espesyal

[https://www.mass.gov/bsea-decisions-and-](https://www.mass.gov/bsea-decisions-and-rulings)

<http://www.mass.gov/anf/docs/dala/bsea/hearing-rules.doc>

<http://www.mass.gov/anf/docs/dala/bsea/hearing.doc>

<http://www.mass.gov/anf/hearings-and-appeals/bureau-of-special-education-appeals-bsea/mediation/>

<http://www.mass.gov/anf/docs/dala/bsea/mediation-brochure-2012.doc>

<http://www.mass.gov/anf/hearings-and-appeals/bureau-of-special-education-appeals-bsea/mediation/mediation-faqs.html>

<http://www.mass.gov/anf/docs/dala/bsea/>

Konsantman Pou Jwenn Aksè Nan MassHealth (Medicaid) :

___ <http://www.doe.mass.edu/sped/28mr/28m13.docm>

<http://www.doe.mass.edu/sped/28mr/28m13.pdf> (Fòmilè otorize 28M/13)

Disiplin:

http://www.doe.mass.edu/sped/IDEA2004/spr_meetings/disc_chart.doc

Lwa sou Edikasyon moun ki gen andikap:

<http://idea.ed.gov/>

Pwosesis Debaz Edikasyon Espesyal dapre IDEA:

<http://www.doe.mass.edu/sped/iep/process.doc>

Pwogram Edikasyon ki Adapte pou Chak Elèv:

<http://www.doe.mass.edu/sped/iep>

Gid Pwosesis Pwogram Edikasyon Endividyèl.

<http://www.doe.mass.edu/sped/iep/proguide.pdf>

Evalyasyon Edikasyonèl Endepandan:

<http://www.doe.mass.edu/sped/advisories/?section=admin>

Obsèvasyon Pwogram Edikasyon Paran yo ak Reprezantan yo Fè pou Objektif Evalyasyon:

http://www.doe.mass.edu/sped/advisories/09_2.html

Avi Garanti Pwosedi pou Paran yo:

<http://www.doe.mass.edu/sped/prb>

Sistèm Rezolisyon PRS parapò ak Plent Jis nan BSEA:

<http://www.doe.mass.edu/sped/complaintchart.doc>

Sistèm Rezolisyon Pwoblèm Sèvis Asirans Kalite Pwogram:

<http://www.doe.mass.edu/prs/>

Lwa Edikasyon Espesyal:

<https://www.doe.mass.edu/lawsregs/statelaws.html>

Règleman Edikasyon Espesyal:

<https://www.doe.mass.edu/lawsregs/stateregs.html> Paran Ranplasman nan Edikasyon Espesyal:

<http://www.doe.mass.edu/sped/advisories/2013SurrogateParent.html> Fòm Planifikasyon nan

Tranzisyon Edikasyon Espesyal:

<http://www.doe.mass.edu/sped/28MR/28m9.docx> Règleman sou Dosye Elèv:

<http://www.doe.mass.edu/lawsregs/603cmr23.html>

Kesyon ak Repons sou Dosye Elèv

<http://www.doe.mass.edu/lawsregs/advisory/cmr23qanda.html?section>

Planifikasyon Tranzisyon:

<http://www.doe.mass.edu/sped/cspd/mod4.html#>